Pou Piblikasyon Imedya: 20/10/2025 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

DEKLARASYON GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

"Jodi a, yon jiri te jwenn yon ajan koreksyon koupab pandan y ap libere de lòt nan kad asasina terib Robert Brooks la. Malgre ke mwen desi poutèt liberasyon yo, mwen respekte desizyon jiri a. Sa ki te rive Mesye Brooks se yon bagay ki pa akseptab, epi vèdik sa yo sèvi kòm yon lòt rapèl ak fòs pèt initil Mesye Brooks ak Messiah Nantwi. Se poutèt sa mwen angaje anpil nan chanjman n ap fè pou asire ke sant koreksyon Eta Nouyòk yo an sekirite pou tout moun ki antre — anplwaye yo, moun ki nan prizon yo, vizitè yo ansanm ak volontè yo.

Mwen te klè depi nan kòmansman an: Nou pa gen okenn tolerans pou moun ki depase limit, ki anfrenn lalwa, epi ki livre yo nan vyolans oswa abi. Gras a travay Depatman Koreksyon ak Sipèvizyon Kominotè (Department of Corrections and Community Supervision, DOCCS) a, Lapolis Eta a, ak Pwokirè Distri Konte Onondaga a, sis nan moun ki responsab yo deja plede koupab epi y ap pase tan nan prizon, ansanm ak moun ki kondane jodi a.

Pi gwo majorite ofisye koreksyon yo fè yon travay ekstraòdinè nan sikonstans difisil, epi aksyon moun sa yo pa reflete entegrite ak pwofesyonalis ajan koreksyon yo ki kontinye ap travay nan etablisman nou yo. Moun ki responsab zak vyolans repweyansib yo dwe rann kont nan limit maksimòm lalwa, e se egzakteman sa administrasyon mwen an angaje pou l fè.

Mwen rekonesan anvè Pwokirè Distri Konte Onondaga a, Lapolis Eta Nouyòk la, Biwo Envestigasyon Espesyal yo ak tout moun ki te travay san pran souf pou rann jistis pou fanmi Mesye Brooks. Kondoleyans anvè pwòch li yo pou doulè yo te sibi a ak pèt y ap kontinye andire a. Administrasyon mwen an angaje l pou asire yon trajedi konsa pa janm rive ankò."

###